



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON POU RANFÒSE APLIKASYON SANKSYON DEPATMAN SÈVIS FINANSYE AKONT LAWISI

Mezi yo enkli acha akselere Zouti Analitik Blockchain

Gouvènè Kathy Hochul anonse mezi pou ranfòse Aplikasyon sankson Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) kont Lawisi, ki enkli acha akselere teknoloji analitik blockchain siplemantè. Zouti sa yo ap ranfòse kapasite Depatman Sèvis Finansye a pou detekte ekspozisyon pami biznis monè vityèl ki gen lisans DFS yo bay moun, bank, ak lòt antite peyi Lawisi, ke Administrasyon Biden lan te sanksyone. Nan kad travay DSF la pou vin yon regilatè lidè, ki oryante sou done sektè sèvis finansye mondyal la, Depatman an te atribye yon kantite zouti teknoloji ak founisè sèvis pou ogmante kapasite sipèvizyon aktyèl la. Lè nou akselere pwosesis akizisyon an, sa se yon etap enpòtan pou ranfòse kapasite Depatman an pou aplike lwa anti blanchiman ak Lwa sou Sekrè Bankè a (Bank Secrecy Act) nan kriz imedyat la ak pi devan.

"Menm jan ak plizyè milyon moun atravè mond lan, Nouyòkè yo ap obsève sityasyon an nan Ikrèn ak Ipèrèz ak endiyasyon, epi kòm repons, n ap fè plis aksyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou kanpe tèt kole ak moun peyi Ikrèn epi n ap kontinye fè pati pa nou pou aplike sanksyon Ameriken kont Lawisi nan repons ak atak enjistifye yo a. New York akeyi ak fyète pi gwo popilasyon Ikrenyen nan peyi a epi n ap itilize resous teknolojik nou pou pwoteje pèp nou an epi montre Lawisi ke n ap rann yo responsab."

Sipèentandan Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Nou konnen ke move aktè yo ap eseye evade sanksyon yo atravè transmisyon lajan vityèl, se poutèt sa li enperatif ke nou gen kapasite pou kontwole tranzaksyon yo ak ekspozisyon nan tan reyèl. Nou kontinye kowòdone depre ak regilatè federal ak lòt eta yo epi kominike ak antite règlemante nou yo pou asire ke tout pwa rejim reglemantè nou an aplike nan konba pou pwoteje Ikrèn nan."

Tire pati nan teknoloji ak founisè sèvis ki fèt espesyalman pou monè vityèl pou pwoteje sistèm finansye a kont aktivite ilisit ki enkli blanchiman lajan, finansman teworis ak aktivite ranson.

Mezi sa vini apre [Dekrè Egzekitif](#) Gouvènè Hochul la ki te òdone tout ajans Eta New York yo ak otorite yo pou revize epi retire fon piblik Lawisi yo apre atak enjistifye epi san

pwovokasyon Lawisi sou Ikrèn. Gouvènè a te angaje tou pou travay ak Administrasyon Biden lan pou sipòte refijye kriz la epi akeyi yo nan eta a, epi li te kondane zak vyolans enjistifye Lawisi sou pèp Ikrenyen an.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)